



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 234 MILYON DOLA NAN ASISTANS ALIMANTÈ
SIPLEMANTÈ POU MWA SEPTANM LAN**

Tout fwaye SNAP yo pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm pou mwa septanm lan

Avantaj alimantè siplemantè yo prevwa kontinye jiska novanm

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke tout Nouyòkè ki enskri nan Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) a pral resevwa nivo avantaj alimantè maksimòm ki otorize pou mwa septanm lan. Tout fwaye k ap patisipe nan SNAP yo — sa gen ladan sila yo ki deja nan nivo avantaj maksimòm yo — pral resevwa alokasyon siplemantè mwa sa a, sa ki pral mennen nan yon enjeksyon apeprè 234 milyon dola finansman federal nan ekonomi Eta New York la.

"Twòp Nouyòkè k ap travay di kontinye santi konsekans pandemi an -k ap lite pou debwouye yo ak mete manje sou tab yo", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Administrasyon mwen an pral kontinye pran mezi pou sipòte kominote ki pi vilnerab nou yo, epi 234 milyon dola nan avantaj SNAP yo anonse jodi a pral bay finansman ki nesèsè pou asire plizyè santèn milye kay New York evite ensekirite alimantè."

Yo pral bay sipleman èd ijans lan pou tout fwaye yo, sa gen ladan sila yo ki nòmalman resevwa avantaj maksimòm ki otorize chak mwa, k ap resevwa SNAP, yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal epi se Biwo Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York ki sipèvize li. Fwaye ki deja toupres oswa nan nivo maksimòm avantaj la — 835 dola pou yon fwaye ki gen kat moun — pral resevwa yon peman siplemantè omwen 95 dola.

Fwaye SNAP yo nan tout konte ki andeyò Vil New York yo ta dwe wè avantaj anplis sa yo afiche jodi a ak lendi 26 septanm. Fwaye SNAP sa yo nan rejyon senk konte Vil New York yo ta dwe wè avantaj pa yo afiche ant vandredi 16 septanm, ak jedi, 29 septanm.

OTDA te kòmanse bay avantaj siplemantè an ijans an avril 2020 pou fwaye SNAP sa yo ki te resevwa mwens pase kantite maksimòm avantaj chak mwa a. Lè deklarasyon ijans Eta New York la te ekspire an jen 2021 an, ajans lan te travay avèk siksè ak

gouvènman federal la pou garanti alokasyon maksimòm pou tout fwaye SNAP yo jiska ekspirasyon deklarasyon federal yon ijans sante piblik, ki te pwolonje jiska oktòb epi ki pral pèmèt OTDA pou kontinye bay avantaj sa yo jiska novanm.

Nouyòkè yo te kontinye konte anpil sou SNAP prentan sa, avèk plis pase 1.6 milyon fwaye, sa gen ladan plis pase 2.8 milyon Nouyòkè, nan tout eta a ki enskri nan pwogram lan nan mwa jiyè a. Pandan ke benefisyè SNAP yo nan tout eta a te rete relativman stab pa rapò ak mwa jen an, yo te ogmante 3 pousan sou jiyè 2021, sa ki mete aksan sou demann kontinyèl pou avantaj enpòtan sa yo.

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "Peman siplemantè sa yo te ogmante pouvwa acha moun k ap resevwa SNAP yo nan yon moman kote fanmi ki gen difikilte yo ap konfwonte pri ki pi wo sou mache a. Asistans sa a ap ede ankouraje rekiperasyon kontinyèl New York apre pandemi COVID-19 la lè li ede Nouyòkè yo mete manje ki bon pou sante yo sou tab la."

Senatè Charles E. Schumer te deklare, "Okenn Nouyòkè pa ta dwe janm oblije gen enkyetid sou ki kote pwochen repa yo a ap soti. Se poutèt sa mwen te batay pou yon ogmantasyon istorik pou SNAP pandan pandemi an atravè Lwa sou Kredi Konsolide 2021 an epi Plan Sovtaj Ameriken an tou. Nou te double efò nou pou founi sipò siplemantè sa nan finansman federal la pou ede fanmi ki gen difikilte yo mete manje sou tab. SNAP se yon mwayen sovtaj pou anpil Nouyòkè epi mwen pral toujou batay pou livre resous federal ki nesèsè yo pou asire okenn Nouyòkè pa rete grangou oswa pa rete dèyè".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Anons Gouvènè Hochul fè jodi a sou asistans alimantè adisyonèl pou fanmi k ap patisipe nan SNAP yo se yon viktwa pou fanmi k ap travay yo epi li ranfòse efò nou pou sipòte moun ki pi bezwen yo atravè kominote nou yo ak toupatou nan eta a. Bay 1.6 milyon fanmi ki enskri yo soulajman ki nesèsè sa a pral ede asire fanmi yo kapab debwouye yo epi gen sipò yo bezwen ak merite."

SNAP jwe yon wòl enpòtan nan rekiperasyon ekonomik kontinyèl New York la epi li deja enjekte plis pase 1.6 milya dola nan ekonomi Eta a depi mwa janvye. Chak dola federal ki investi pa SNAP jenere jiska 1.54 dola nan aktivite ekonomik, dapre yon [etid federal](#) ki mezire enpak SNAP sou ekonomi Etazini an.

Avantaj siplemantè sa yo tou se yon mwayen sovtaj enpòtan pou Nouyòkè ki nan bezwen yo, pliske anviwon 14 pousan popilasyon eta a te konte sou avantaj SNAP yo ane pase, dapre [yon etid resan](#). Plis pase mwatye fwaye benefisyè se te fanmi ki gen timoun epi apeprè 48 pousan te gen yon adilt ki gen plis pase 55 ane oswa yon moun ki te andikape.

Menm jan pou mwa ki pase yo, peman yo ap fèt dirèkteman sou kont Transfè Avantaj Elektwonik (Electronic Benefit Transfer, EBT) benefisyè yo deja genyen an epi y ap kapab itilize l avèk kat EBT yo deja genyen an. Menm jan ak avantaj nòmal SNAP yo,

avantaj siplemantè yo ka sèvi pou achte manje nan magazen ki vann manje an detay ki otorize yo. Tout avantaj SNAP ki pa sèvi yo ap otomatikman rapòte nan pwochen mwa k ap vini an.

Jwenn plis enfòmasyon sou avantaj siplemantè SNAP pou ka dijans yo, ansanm ak repons pou kesyon moun poze souvan yo, [isit la](#). Nouyòkè yo ki enterese enskri kapab verifye elijibilite yo pou SNAP, epitou aplike sou entènèt, lè yo [vizite mybenefits.ny.gov](http://vizite.mybenefits.ny.gov).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418